# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश सरकार आजु भिन्नहीं एक सौ पचपन घंटा क नॉन स्टॉप मेगा स्वच्छता अभियान सुरू कइलस। ई अभियान दुइ अक्टूबर के पूरा होई, जवन महात्मा गांधी क एक सौ पचपनवीं जयंती के मौका पर मनावल जाई। स्वभाव स्वच्छता–संस्कार स्वच्छता थीम में येह अभियान क उद्देस्य सहरी इलाकन में स्वच्छता अउर पर्यावरण चेतना के बढ़ावा दीहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सहरी विकास विभाग के ''स्वच्छता ही सेवा पखवाड़ा'' में अभियान क सफलता सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहले हवें। पनरह दिन के येह पहल में हर दिन्ने थीम आधारित सूचना, सिक्षा अउर संचार (आईईसी) गतिविधि सामिल हौ। ओहर, कौशाम्बी जिला के मंझनपुर के नगर पालिका कार्यालय परिसर में स्वच्छता अभियान चलावल गइल। सथहीं, जिलाधिकारी कार्यालय के अधिकारियन अउर करमचारियन के स्वच्छता क सपथो दियावल गइल। येही क्रम में अजोध्या के सिविल लाइन के आयुक्त कार्यालय परिसर में स्वच्छता अभियान चलावल गइल। मिर्जापुर के कंपोजिट विद्यालय रूदौली में केन्द्रीय संचार ब्यूरो क क्षेत्रीय कार्यालय की ओरि से स्वच्छता संवाद क आयोजन कइल गइल। स्वच्छता संवाद के दौरान स्वच्छता के महातम अउर एकरे बदे ढेरि से ढेरि जन भागीदारी बढ़वले पर चरचा कइल गइल।

**********

यूपी इंटर नेशनल ट्रेड शो के दुसरका दिन्ने इंडिया एक्सपो मार्ट ग्रेटर नोएडा में कई गो कार्यक्रम क अयोजन कइल गइल। येह दौरान ई–कॉमर्स पर बिसेस सत्र क आयोजन कल गइल, जेहमें कैबिनेट मंत्री राकेश सचान सामिल भइलें।

ई–कामर्स सत्र के सम्बोधित करत श्री सचान कहलें कि ई–कॉमर्स के क्षेत्र में अपार सम्भावना हौ। येह क्षेत्र में सरकार पचहत्तर फीसदी सब्सिडी दे रहलि हौ। एकरे सथहीं सरकार क कई गो नीति हौ, जेहसे जुड़ि के केहू रोजिगार देवे वाला बनि सके ला। उहां के कहलीं कि हमार परम्परागत योजना ओडीओपी के ई–कॉमर्स से जोड़ले क लाभ भइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस के पर्यटन क केन्द्र बनावे बदे प्रदेस सरकार पछिला कुछु बरिस में पर्यटन के क्षेत्र में पुरहर प्रसार कइले हौ। आजु प्रदेस घरेलू पर्यटकन के लिहाज से देस क नम्बर वन टूरिस्ट डेस्टिनेसन हौ अउर एहमें आध्यात्मिक पर्यटन क सबसे बड़हन जोगदान हौ। मुख्यमंत्री के मंसा के हिसाबि से प्रदेस क प्रमुख टूरिस्ट डेस्टिनेसंस के लग्गे ग्रामीण पर्यटन के बढ़ावा देवे बदे तिरानबे गांव में होम स्टे के सथहीं पर्यटन विकास के प्रक्रिया पर फोकस कइल जा रहल हौ। एकरे सथहीं बारह मेगा टूरिज्म सर्किट चिन्हित कइल गइल हौ। उत्तर प्रदेस टूरिज्म पॉलिसी दुइ हजार बाइस के हिसाबि से एहमें रामायण सर्किट, सूफी–कबीर सर्किट, महाभारत सर्किट, जैन सर्किट, कृष्ण–ब्रज सर्किट, सक्तिपीठ सर्किट, आध्यात्मिक सर्किट, बौद्ध सर्किट अउर सिल्प सर्किट खास हौ। येही क्रम में, देवीपाटन मण्डल, चित्रकूट मण्डल, अजोध्या मण्डल, लखनऊ मण्डल अउर बाराणसी मण्डल में ग्रामीण पर्यटन के बढ़ावा देवे बदे होम स्टे क निरमाण अउर विकास प्रक्रिया के गति दीहल जा रहल हौ।

**********

केन्द्रीय कौषधि मानक नियंत्रण संगठन–सीडीएससीओ) अपने रिपोर्ट में पचास से बेसी दवाइयन क मानक गुणवत्ता के स्तर से निच्चे घोसित कइले हौ। येह दवाइयन में पैरासिटामॉल, बिटामिन–बी कॉम्प्लेक्स, कैल्सियम अउर बिटामिन–डी टैबलेट सामिल हौ। मानक गुणवत्ता पर सही नाहीं पावल गइल ई उत्पादन कई कम्पनियन के ओरि से बनावल गइल हौ। येह दवाइयन के इस्तेमाल से चिन्ता बढ़ि गइल हौ।

**********

नवोदय विद्यालय समिति, जवाहर नवोदय विद्यालय चयन परीक्षा–दुइ हजार पचीस बदे आवेदन क आखिरी तारीख के सात अक्टूबर ले बढ़ा दिहले हौ। येह परीक्षा के जरिया से कक्षा छौ में सत्र दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे दाखिला दीहल जाई। नवोदय विद्यालय लखनऊ क प्रधानाचार्य साधना सिंह बतउलिनि कि ओम्मेदवार नवोदया डॉट जीओवी डॉट इन चाहे सीबीएसई आईटीएमएस डॉट आरसीआईएल डॉट जीओवी डॉट इन स्लैस एनवीएस वेबसाइट  पर जा के निःसुल्क आवेदन कइ सके लें।

**********

कानपुर क ग्रीन पार्क स्टेडियम भारत–बांग्लादेस के बिच्चे बिहने से सुरू हो रहल टेस्ट मैच बदे पुरहर तरीका से तइयार हौ। जिला प्रसासन की ओरि से सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। सत्ताइस सितम्बर से एक अक्टूबर ले खेलल जाये वाला टेस्ट मैच में कुलि छब्बीस हजार सात दरसक ग्रीन पार्क में मैच देखिहें, जवन कि दुइ हजार एक्कइस में खेलल गइल भारत अउर न्यूजीलैण्ड टेस्ट मैच से जियादा हौ।

**********

प्रदेस के कुछु जिलन में आजु गरज–चमकि के साथे भइल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। बरखा के नाते जहवां लोगन के तेज घाम अउर उमस भरल गरमी से राहत मिलल हौ ओहीं, कई जगहिनि पर जलभराव के लोगिन के परसानी क सामना करे के पड़ल। मौसम विभाग पूरबी अउर पच्छिमी उत्तर प्रदेस के ढेरि जिलन में आजु गरज–चमकि के साथे भारी बरखा क सम्भावना जतवले हौ। येह दौरान तेज बेयारियो चलले क सम्भावना हौ।

**********